


PUSAKA KUDJANG



Ti
GUNUNG
WAJANG 3
ku-Ki MASRAM

■ PUSAKA ■
KUDJANG
TIGUNUNG
WAJANG

Ka 3

KARANGAN
★ KI MASRAM ★

Diterbitkeun ku Penerbit ★ BAHAGIA ★
BANDUNG

1970

Gambar kulit dilukis ku — Teddy S —

★ ★ ★ ★

★ Pangasna: Rp . 70 . — ★

★ ★ ★ ★

Surat izin No . Pel. 314 — I/NBT/BIN/70
KOMDAK VIII Djabar "Langlang Buana"
Telah diperiksa dan disetudjui untuk diedarkan.

BAGIAN VII

Sangkaan Masitoh mah musuhna teh ngan sa urang njaeta Perbawa wungkul! matak manehna gede hate nguntup nakeran! satiap seranganana di bare ngan kudjurus² nu matak ngabahajakeun, satiap gerak taja nu mubah, kudu wae keuna kana awak nu djadi lawan, nepi ka ahirna Perbawa teu bi sa ngajakeun perlawanan, manehna terus undur ka tukang bari hate ratug loba ka hariwang.

Masitoh beuki napsu, niatna geus nekad rek mae han Perbawa, atuh sebrut deui Masitoh naradjang, sakabeh perhatianana di tomplokeun ka Perbawa, teu njaho tukangeun datang bahaja, harita Djarot luntjat bari ngaheumbatkeun bedogna ngarah kana beuheung Masitoh, ngan untung Masitoh geus loba pangajaman waktu baheulana, harita oge Masitoh geus bisa ngarasakeun ajana bahaja.

Hiukna angin nu datang ti tukang, karasa tarik na keran, pertanda djelema nu rek ngabokongna teh djelema nu luhur elmuna, siet Masitoh malik bari ngarobah kuda², Kudjang nu tadi rek di sabetkeun ka Perbawa teh, dibalikeun dipake mapag musuh nu njieun tjurang.

Berang bedog Djarot ngalajang rek ngarah beu
heung Masitoh, Masitoh ngagiwar bari siet! trang
Kudjangna teh dipake nahab bedog Djarot, dina wak
tu eta kensh Masitoh newak badju musuhna, kala-
jang Djarot ngalajang ka bareup, dumeh di banting
keun ku Masitoh, di bantingkeun kalawan tanaga nu
rongkah geus pasti tjeuk pikir Masitoh mah Djaret
teh bakal rubuh njium taneuh.

Tapi sangkaan Masitoh njalahana, sabab Djarot la
in djelema nu atah? dina pangabisal, moal disebut
djago Sunda kalap, lamun rubuh kunu rupa kitu
mah! ngaran Djaret lain ukur omong kesong! lain
djago nu tampa eusi, harita Djarot datang nangtang
teu sa-kara, atuh puguh Masitoh ngarandjung ret
neuteup ka musuh ajarna bari srog deui pasang kuda?

..Saha andika? naon perluna pipilueun kana urus
san kula? mun bener? andika rek binasa ka kula
ulah make djeung ngabohong ngabongohan sagala!
terang?an we bet kawas lain kolot wae andika teh!"
tjeuk Masitoh! angot beuki ngageremet amarahna
lentab lentab.

..Hahaha. . teu djauh tina sangkaan! pamadjikan
si Ampal Djagat teh geulis enjaan! geus kolot oge
enjaan teu eleh ku budak ngora" tembal Djarot ka
lab terus neuteup mudji kana kageulisanana Raden
Dewi Amba Sri alias Misitoh.

„Taja kapatutna ! badot² . . . tisess surup kana rupa, teu perlu kula teu perlu di pudji, saaadjan di pudji oge nadjis teuing, komo ieu djelema dur djana hilik tong ganggu kana maksud kula !” tjeuk Masitoh bari ketjrot² majehma tjumiduh.

„Ulah babarian geulis ! hehehe . . . ” tjeuk Djajrot bari ngalengkah madju ngadeukeutan.

„Kurang adjar ! naon perluna andika pipilueun kana urusan kula ! hijik njingkah ulah rek gang gu !” tjeuk Masitoh bari menerkeun kuda²na, sabab harita Perbawa aja gigireunana.

„Bisi hajang njaho Perbawa teh anak kula, djadi wadjib kula ngabela mang meunangkeun.”

„Pastes anakna djahat, bapana oge durdjana, surup kana rupa . . . emhh dasar binatang !”

„Gandeng, andika ulah padu ngong wae ngomong teh, kurang adjar !” tjeuk Perbawa kawanina timbul deui, srog kahareup bari bedog di koletjerkeun, panon eutjeuj beureum huntu kekerot niat rek ngalawan deui Masitoh.

„Andika nu kurang adjar tea mah, teu boga teu ing pikiran, nja anak nja bapa bet mikahajang kana barang batur, na kumaha wae pipikiran andika teh ? !” tjeuk Masitoh ajeuna mah sadar, jen musuhna teh bener² rek nekad ngarebut pusaka Kudjang tur geus ka irong jen musuhna teh bakal nekad narohkeun djiwa, kusabah kitu Masitoh beuki waspada.

..Masitoh tong loba omong! rek di pasrahkeun moal eta Pusaka Kudjang teh? di pasrahkeun an dika salamet mun teu di pasrahkeun hartina andika bakal hirup semet poe ajeuna!" tjeuk Perbawa.

..Sanadjan andika aja duaan, kula tetep rek ngabela mempertahaneun ieu Pusaka!"

..Hehehe . . ari kitu mah kieu we. kumaha lamuun njai dikawin kuakang? ku kituna Pusaka Kudjang tetep di tjekel ku njai? ari akang mah maksudna oge lain rek ngarebut, tapi ngan ukur hajang mi boga, kumaha njai daek henteu?" tjeuk Djarot bari seuri semu nu gumasep.

..Tjis! nadjis teuing, kula geus lain djelema nu njembah kana batu, atawa tanekal kai, kula geus nganut Agama Islam. sanadjan kumaha oge kula moal bisa ngahidji djeung andika, oggkohna kula teu sudi boga salaki ka lalaki nu samodel andika, haram hukumna oge " tempas Masitoh ambekeun nakeran ngadenge omongan Djarot teh.

..Teu nanaon atuh njai beda Agama oge, apaan zakaig teh teu goreng teuing, nja pantar we lamaun kawin djeung njai mah" tjeuk Djarot.

..Nadjis deuleu nadjis;! tibatan daek ka lalaki model andika, kadjeun kula paeh djadi bubatang, mun bener andika hajang ieu Pusaka, pek geura rebut tina leungeun kula, teu perlu ngolo, teu perlu nga dodoho! .. " tjeuk Masitoh tandes nakeran.

„Ulah nekad kitu njai, iebar ku awak eta min
sakitu denokna na teh, piraku kudu paeh ku leung
eun akang mah, geus geura tarima we panglamar ti
akang geura naen gunana hirup di gunung, naon ka
senangananana? mun daek ka akang mah tangtu se-
nang dibawa ka kota“ tjeuk Djarot bari terus ngalengkah ngadeukeutan.

„Gandeng badot!“ tjeuk Masitoh.

„Awewe djadah! tong di adjak ngobrol wae atuh
pa, hilik geura urang bereson ku kuring!“ tjeuk Per-
bawa bari djleng lun jat, niatna rek naradjang Masi-
toh, tapi gantj ngku Dja ot dihalangan, dumeh wae
Djarot mang hariwangkeun kana kasalametan anak
na, sabab tadi oge mai ena gens njaksian, kumaha
kaajaan Perbawa na na waktu keur bitotama djeung
Masitoh kas ksian pi n anakna teh eleh dja-
dten, da tadi oge lamun teu ditulungan mah boa
djadi korban.

„Kasisi djang... keun bapa nu bikal njanghareupan
nana mah?“ tjeuk Djarot Perbawa undur deui ka
tukang srog Djarot midju kahareup.

„Sok andika midju kagok deuleu ngalawan budak
ololeho mah“ tjeuk Masitoh.

„Hahaha . . enjaan njai teh geus tega kana nja-
wa? mun bener geus tega kapaksa ku akang dibinasa
bogoh soteh ari daek, ari rek nintjak hulu
mahawas ulah sambat kani ija tjeuk Djarot ngagere
met.

„Teu perlu lobi omong, bener kula awewe, tapi sok djadjal heula!” tjeuk Masitoh bari siet³ ngamaen keun Kudjengna. Djarot oge teu tjitjingeun srog bedog dikahareupkeun biri terus di heumbat.

„Awas andika, jeuh si Djarot djago ti Sunda Ka lapa bakal maragatkeun njawa andika!”.

„Paduli ti mana² kula teu sieuneun ...!”

„Heaaaaat ...!” Djarot luntjat naradjang, bari bedog disabetkeun rek ngarah kana beuheung Masitoh, ta pi Masitoh teu kapalingan, kesit dongko, atuh hiuk bedog Djarot ngahiuk luhureunana.

Djarot njabetkeun deui bedogna, ajeuna mah nje rang kana beuteung, gilek Masitoh ngagiwar bari terus metjah kuda², barang bedog rousuh ngalajang kabareupeunana, gantjang Masitoh ngagunakeun Kudjang trang bedog Djarot ditahan ku Kudjang sa kedapan duanana ngadutanaga silih sered, silih de detkeun, tetela Djarot leuwih unggul, manehna ngabo gaan elmu tanaga dhero nu saluhureun Masitoh, atuh Masitoh kasered, duk njarande kana tangkal kai, ku Djarot terus didetkeun maksud rek megatkeun beuheung Masitoh,

Dina kaajaan nu sarupa kitu, Masitoh satekah polah neang n akal nu baris bisa njalametkeun djiwa na, hek manehna ngadorong Djarot, waktu Djarot ngesed Masitoh ngaragragkeun maneh ka handap, ba ri suku nadjong kana beuteung musuh.

Rengkog Djarot ngarengkog? teu njangka maneh na bakal katipu ku pantar Masitoh, saharita napsu na beuki nambahan, hiuk bedog di heumbat, tapi Masitoh leuwih kesit luntjat njiugkahan, atuh bedog Djarot milepas ngahakan tangkal kai.

„Eit, teu sangka pinter geuning andika teh!“ tjeuk Djarot bari malik deui ka Masitoh.

„Memangna da kula mah djelema hirup tong loba omong andika“ tempas Masitoh.

„Kasakeun poe ieu andika bakal palastra, eta Pusaka Kudjang bakal djadi milik kula!“ tjeuk Djarot bari menerkeun kuda²na, siap rek njerang deui, a—jeuna mah manehna baner² ngalawanana, elmuna di kaluarkeun, lalaunan bedogna di angkat ka luhur, ari Masitoh ngan batи geregeteun. sanadjan manehna sadar jen musuhna teh aja dina saluhu reunana, tapi Masitoh nekad toh pati djiwa raga, keur ngabela kabebasan dirina.

Sebrut Masitoh paradjang, hiuk sora Kudjang nga hiuk, tapi Djarot tenang nakeran, manehna tetep adjeg dina kuda²na, barang Masitoh ngalajang rek paradjang, — sakilat Djarot ngangkat dampal leu ngeuna bari ngagorowek tarik nakeran, akibatna tju kup hebat, awak Masitoh tidjengkang deuikatukang, bru rubuh tina sungutna kaluar getih beureum semu hideung, horeng Djarot ngagunakeun elmuh dja-hatna ka diri Masitoh.

Golokgok .. Masitoh terus ngutahkeun getih mani lalambaran, sedeng awak karasa leuleus njare ri djeung lalinu, tapi bari djeung sanadjan kitu oge, Masitoh teu pondok pangharepan, manehna masih keneh panasaran, djung nangtung srog maksakeun pas ing kuda² bari muringis nahana kanjeri.

..Hahaha ..Masitoh eta teh kakara saparona tina elou kula, djadi lamun digunakeun kabeh tinangtu andika tinemu adjal, tah ajeuna pikir nu leuwih mateng naha mending, salamet naha mending njawa pegat djeung raga ?" tjeuk Djarot bari ngalengkah madju ngadeuketan.

..Sanadjan kula adjal ajeuna, teu djadi halan ngan, asal kula geus ngabela hak kabebasan turunan kaula, ieu Pusaka moal dipasrahkeun lamun kula masih keneh bisa engapan, prak geura paehan mun andika hajang kana ieu Pusaka mah!" tjeuk Masitoh nembungkeun pamadeganana, atuh puguh Djarot beak sabarna.

..Kurang adjar teu beunang dipikarunja geuniag andika mah, awas geura papatkeun djampe paeh, geura sambat indung bapa, sabab ajeuna pisan andika bakal dikirim ka Naraka, njusul salaki andjeun! tjeuk Djarot terus gegerenjem srog kahareup leungeun di buka ka gigir.

..Hee ..ttttt .. !" djleng luntjat rek naradjang Masitoh nu keur sasampojongan.

Masitoh teu bisa loba ngajakeun gerakan, sabab ulah boro keur nahann serangan musuh, dirina sora ngan oge teu bisa adjeg sampurna, da awak lalinu njeri, katambah getih nu kaluar tina sungut euweuh sureuna, atuh diserang kitu teh manehna ngan ukur bisa ngagiwar, orokaja Djarot oge leuwih was pada. Masitoh terus di boro hiuk bedog ngahiuk, trang diadu djeung Kudjang ngan sakilat . . djebet djuralit Masitoh ngadjuralit terus rubuh nangkarak bengkang .

Getih nu kaluar beuki loba, pertanda di djerawak Masitoh aja nu ruksak akibat teunggeulan elmu tanaga djerawat Djarot.

„Aduhhhh . . . !” Masitoh muringis bari leungeun angusapan getih dina sungutna.

„Hahaha! rek kumaha karep andika? keur kula mah gampang wae rek binasa mah, komo ajeuna andika geus teu walakaja? tapi kula moal rek binasa, heug kukula dibere kabebasan! tapi sjaratna eta Pusaka kudu dipasrahkeun ka kula!” tjeuk Djarot bari ngabarakatak seuri bungah.

Masitoh teu nembalan ngan huntu we kekerot, pertanda napsu misih keneh ngagegedur, sabalikna tanaga geus beak tur awak angot beuki karasanje na, didjero bauteung karasa kawasna aja nu raheut, sing seredet ting kerendj kerendj karasana peurih kabima².

Hate mimiti hemar hemir, malah geus katjipta
ku pikirna, jen hirupna teh ngan tepi ka poe harita,
ras inget ka Santana anakna nu keur digawe dihu
ma, hate beuki ngahelas ngarakatjak, pisakumahaeun
teuing sangsarana nu djidi anak, lamun seug maneh
na binasa? budak nu tjan njuho di naon², heug di
antjam djiwa ku djelema² durdjana² manehna bina
sa, tangtu Santana oge tjlaka, da puguh Santana nu
njekel Pusaka mah.

Reup Masitoh peureum, hate geus pasrah sume
rah kana takdir Jang Widi. Tapi kersaning Panger
ran Masitoh kudu salimet, harita teh teu djaub tidi
nja aja dua djelema nu keur ngintip nempokeun ka
na kadjadian nu tumiba ka Masitoh, horeng mara
nehna teh Hasan djeung guruna nu katedah Bara
santja (aos djlid ka dua).

Titadi kekeh Hasan djeung Barasantja geus aja
di lebah dinja, maranehna ngahadja teu pipilueun, da
maksudna rek mulung muntah hajang untung tina
enteng, hasil ngarebut Pusaka Kudjang, bariteu ku
du tjape ngaluark²un tanaga.

„San! eta euj pamadjikan si Ampal Djagat teh? tjeuk
Barasantja nanja ka muridna.

„Leres eta bah . . . !“ tembal Hasan.

„Ari eta budak teh si Perbawa nu didongeng
keun ku maneh tea lain?“

„Leres bah mung duka nu hidji deui mah.

„Sigana mai bapa ia San!, da njebutan oge bapa/
mun guruna mih moal njebut kitu, tuh tingali Ma
sitoh aja dina bahaja” tjeuk Barasantja.

„Urang bongohan wa bah bapi si Perbawa ku a
bah, keun si Perbawa mah ku abdi” tjeuk Hasan
teu sabar, tapi ku Barasantja di tolak.

„Ulah San! keun heula antep hajang njaho kuma
ha ahirna, teu kudu gurung gusuh, pokona urang
mah hajang meunangkeun eta Pusaka.

“Kumaha bah mun Masitoh unggul?.

„Mun nempo tina gerakan si Djarot mah djauh,
ari Masitoh kudu unggul mah, tuh tempo Masitoh
rubuh” tjeuk Barasantja bari terus njalingker ngadeukeutan kanu keur tarung.

„Bahaja bilih Masitoh rek dibinisa, tjilaka mun ki-
tu mah eta Pusaka teh karebut ku si Djarot tjeuk
Hasan bari lunga lengo nempoan.

„Ajeuna kieu San! maneh dagoan didieu, keun ku
la nu bakal njalametkeun Masitoh mah”.

„Kumaha abah teh bet bade nulungan musuh?”
tjeuk Hasan semu nu heraneun pisan.

„Lain rek nulungan, ieu hidji djalan nu katjida
hadena dina ngalaksanakeun, maksud kula Masitoh
rek dibawa kabur, tah engke tangtu Masitoh moal
tjurigaeun ka kula, didinja Kudjang Pusakana teh ku
kula direbut, matak maneh ulah nemongan da ma-
neh geus dikenal ku Masitoh.

„Tuturkeun we kula ti kaangangan! om it nja maneh ulah nemongan!” tjeuk Barasantja njaritakeun pamaksudinana, Hasan uggut²an tanda surti djeunjatudjoan kana maksud guruna.

„Kade maneh bisa kanjahoan ku si Perbawa” tjeuk Barasantja, deui bari keketejepan kabareup panon seukeut ngawaskeun gurak Djarot nu harita rek ngabinasa Masitoh.

“Hehehe . . . kumaha njai? uaha rek keukeuh wae mibeurat kana eta Pusaka?” tieuk Djarot terus nga deukeutan bari njampurkeun bedogna.

„Moal! ieu Pusaka moal dipasrahkeun, hilik ulah madju deui, sabab kuja bakal nekad, sapati pati kula binasa oge, teu jadi halanganana ari bareng modar djeung andika min” tembal Masitoh sanadjan awak geus ripuh, tapi Masitoh maksakeun maneh hudang! Kudjang ditjekelan Pageuh djung di angkat, maksudna rek dipake nahán serangan Djarot! paeh teu panasaran ari geus bisa ugabinasa mu suhna mah, kitu tjeuk pikir Masitoh.

„Ulah nekad kitu njai, mending oge pasrah kakangku, akang oge moal dikukumaha kadieukeun we eta Pusaka sok njai ulah ngadagoan napsu” tjeuk Djarot deui.

„Sanadjan naon nu bakal tumiba ka diri kula, tetep kula mempertahankeun ieu Pusaka, tempas Masitoh tetep dina pamadeganana.

Barang sidik sendjata rahasia hna teu bisa ngeuna an awak musuhna, Djarot djeung Perbawa beuki napsu, beuki ambekeun tanaga ditaker, lumpat beu ki tarik, tapi Barasantja tetep aja dina kaunggulan, sabab manehna mah lumpatna bari dibarengan ku el mu lumpat angin.

„Hej, andika teh saha? mun bener? andika waris sok eureun! ulah kabur kawas bangsat!” tjeuk Perbawa gogorowokan nitah eureun.


„Rek disebut bangsat oge pek wae, nu penting mah kula njalametkeun ieu awewe, mun andika pana saran mah sok geura tewak, ulah bohoakan meakeun sora!” tembal Brasantja, lumpakna siga nu haram pang nakeran, djleng luntjat meuntas solokan, be rebet deui lumpat, sedeng Djarot djeung Perbawa mimiti hah heh hoh leuleuseun.

„Saha ngaran andika? urang mana? djawab bang sat! ambeh kula gampang njsulna” tjeuk Djarot.

„Hahaha mun bener boga kawani teangan we ka daerah Djampang! teangan si Barasantja . . .” tembal Brasantja.

„Naon perluna andika rulungan musuh kula na ha andika teh mikahajang kana Pusakana? tjeuk Perbawa lumpatna mimiti ngendoran.

„Teu sajah . . , djadi lamun andika panasaran ha— lang ieu Pusaka susul wae ka daerah Djampang ka garan si Barasantja” tjeuk Barasantja semu nu langtang.



Beuki lila Barasantja beuki djauh wae tinu nga berikna . . memang djelema nu ngabogaan elmu lumpat tarik mah. I in berikeun djelema nu lumpat ngagunakeun tanaga, harita oge bukti pisan, saki tu Barasantja mangku Masitoh, tapi lumpatna tarik alah batan lumpat mentjek, nepi ka Djarot djeung Perbawa ngarasa leuleus sorangan, reg duananana ngarandeg bari h h heh hoh.

„Haram djadah elmu nanahaon tjenah eta teh ?!” tjeuk Djarot bari gek diuk handapeun tangkal kai.

„Salah tuda mun tadi si Masitoh gantjang² di be resan mah. moal nepi ka kadjadankieu!” tjeuk Perbawa njalahkeun ka bapana.

„Keun wae lah da puguh leniburna, ajeuna mah haju wae urang susul . . hajang njaho nepi kamana tjenah kapinteran si Barasantja teh?” tjeuk Ijarot nu ahirna neundeun dendam, niat hate rek njusul ka imah Barasantja.

-★-

Demi harita Santana kakara beres motong pare, sadjeroning di gawe teh manehna teu weleh seseb lakan hate, hemar gemir kawas nu geus meunang wirasat goreng, ku sabab eta pisan Santana gan-tjang² ngabereskeun pagaweanana.

Pare di entep di tumpukeun, regejeng ku maneh na di tanggung, terus ngabengkot turun ka lebak mani tuturubun kawas nu rusuh, da eta wae geus teu reureuh heula sanadjan tjipe manehna terus ngabengkot kesang oge teu di pirosea.

Barang geus datang ka buruan gantjang tangguangan di etjagkeun, berebet lumbat ka djero bari lenga lengo djeung gegeroan ka indungna.

„Bu . . bu !“ tjeuk Santana braj mukakeun pan to, tetela di djero tiiseun indungna euweuh nem balan, atuh terrr wae ngeleper, kahariwang beuki nambahann berebet ka tukang, gero deui ngagero te-tep teu meunang djawaban.

„Eh, na kamana indung aing ? boa² jeuh?“ tjeuk gerentesna deui bari muru kaluar; lila ngadjanteng di buruan panon rurat reret ngareretan ka sakuri lingeunana, ketejep ka lebah tangkal buah, ret kahan dap gebeg wae ng²gebeg.

Manehna heran nembo di buruan kalotor, djeung kawas nu karandjah ku munding, kebul k.tambah loba tapak suku djelema.

..Heran, na kaniana atuh indung aing teh ? mun indit² k'mana ? di biasana oge tara ninggalkeun imah, ari lain rek ka kebon mah, sedeng di kebon euweuh sasaha .. buruan loba tapak suku djelema, kawas urut nu bitotama, emh moal salah indung aing teh di serang musuh, tetela ieu tapak suku teh tapak suku lalaki, di suku indung aing mah leutik piraku tapakna mani rubak kieu ? moal sa lah ieu mah tapak suku lalaki, tetela lamun kieu mah indung aing teh aja nu njerang, terus kabawa ku djelema dnr djana.

Tapi naha indung aing teh di tawan atawa terus di binasa ? emh ibu .. teu sangka bu nepi kakieu geuning nasib diri ibu teh, abdi rumaos salah ru maos tambelar, paingan atuh titadi keneh hate abdi seseblakan wae ari ibu kenging musibat mah.

Duh Gusti, mugi Gusti masihan pituduh ka diri abdi .. dimana ajana pun biang ? naha masih ke neh hirup atanapi tos taja di kieuna ? emh Gusti kasaha deui atuh abdi njuhunkeun tulung, ari sanes ka Gusti nu Maha Welas Maha Asih ka umatna mah, tjeuk gerentes hate Santana bari bluk njuuh kana bangku, hate antjur teu puguh resa, tjampur djeung amarah nu ngalentab lentab lir seuneu durukan.

Lila Santana njuuh bari ngumbar ttipanon, hate djumerit maratan langit ngotjeak maratan djagat. sasambat ka Pangeran Anu Kawasa.

Koredjat manehna tjengkat, panona robah djadi eu tjeuj beureum pinuh ku dendam, njel ambek ka mu suh^{na} niat rek indit neangan indungna bari sakali an hajang males dendam ka musuh^{na}.

..Emh ibu . . . dimana ibu teh? ieu abdi bu . . emh ibu sanaos aja dimana, ku abdi bade di pilarian sanaos ibu di kerem dina sarigsig beusi ku abdi ba de di bebaskeun awas djelema² durdjana jeuh kula si Santana bakal ngajakeun balitungan tjeuk Santana ahirna nekad rek indit neangan indungna, kolojong pare teh di akutan ka dhero geus kitu kapikir ngadon mandi heula dina pantjuran bener mandi di sa lin badju papakean di tilepan lep di buntel di hi—djikeun.

Kolojong ka luar bari ngadjingdjing buntelan pake an, samemeh indit teu poho manehna djarah heula ka kuburan, tjan oge nanaon ttipanon geus ngalembreh njaktjlak in teu kuat nah^{an} kasedih djeung kanjeri-

..Bapa . . . geuning ibu teh teu aja pa! moal le pat ibu aja di tahanan djelema durdjana, kumargi kitu abdi bade mios milarian, duh bapa ajeuna abdi djangdji, zebdi bade males dendam ka djelema² dur djan^a, kanjeri bapa sareng ibu ajeuna ku abdi bade dipunahan. . .

„Ieu Pusaka Kudjang anu ti bapa tea, ku abdi bade di pulasara, bade di djagi leres² bapa, abdi njuhunkeun pido'ana ti bapa, mugi abdi di tangtajungan ku Pangeran dugi ka hasil pamaksudan ab di” tjeuk Santana bari eueuriheun.

Lalaunan manehna tjengkat, tjelepot njium tutunggul, geus kitu leos indit turun ka lebak geus teu nempo deui ka tukang.

Tunda lalampahanana Santana, urang malikan deui ngedongeng Masitoh, harita teh Masitoh masih ke neh di bawa lumpat ku Barasantja ! sadjeroning kitu teh, kaajaan Masitoh beuki ripuh wae, sabab getih teu eureun² ka luar, akibat teunggeulan ma-ut ti Djarot.

„Sabar njai, ku akang oge moal di kukumaha akang mah sedja nulungan djiwa njai” tjeuk Barasantja teu siga—siga anu rek djahat.

„Nuhun kana pitulung andika, tapi tos wae abdi etjagkeun, sabab ieu mani eungap, teu kuat, aduuuhhh! golokgok Masitoh ngutahkeun deui getih.

„Kunaon njai teh ? aduhh geuning tjillaka . . ?” tjeuk Barasantja ngarandjug reuwas.

„Tos didieu we aduuuhhh tos teu kuat” tjeuk Ma sitoh da puguh di bawa lumpat sakitu lilana, teu wudu oge asa ka geudjleug, nepi ka beuteung karasa beuki njeri, kuliat² kukuliatan, sedeng getih terus kaluar mani lalambaran.

Barasantja undur, jen Masitoh teh keur njinghar eupan el maut, atuh reng eureun, lalaunan Masitoh digolerkeun dinu iuh.

„Njai . . ajeuna njai geus salamet, tapi njai te-tep aja dina bahaja, njai teh ruksak di djero, akibat elmu djahat musuh njai tadi”.

„Mu . . hun, ari andika teh saha? geuning kersa an nulung ka awak kula?” tembal Masitoh,

„Kula Barasantja ti Pakidulan, ngahadja nulungan njai, dumeh wae nempo njai keur aja dina bahaja”, tjeuk Barasantja bari panona mah ngareretan Ku-djang nu keur di tjekel ku Masitoh.

„Hatur nuhusun kana pitulung andika, kedah ku na on atuh kasaean andika teh di balesna?”.

„Ulah loba pikiran njai perkara eta mah da geus biasa, kawadjiban kula nulung kanu batuh nalang kanu keur susah, sok ulah waka loba gerak sabab njai keur ruksak di djero mun loba gerak bisa ngabahajakeun kana djiwa njai” tjeuk Barasantja bari njarekeun Masitoh nu keur renghap randjug, padahal manehna oge bisaeun ngubaran tatu Masitoh teh ngan wae teu niat, da maksudna oge rek maksud teu hade.

„Emhh . . . aduhh golokgok deui Masitoh ngutabkeun getih, beunget geus sepa pias semu hedjo, engapan renghap randjug, mun nempo kana sareatna mah geus pasti Masitoh teh moal pandjang umur.

h keur njingh Ari eta Kudjang teh Kudjang nu saha njai?"
alaunan Masitoh tjeuk Barasantja bari neuteup kana Kudjang Masitoh

"Gagaduhan . . . nja ieu pisan nu djanten gara?
et, tapi njai teh, seueur djelema durdjana nu mikahojong ieu
di djero, alibsaaka, tapi ku abdi di pertabankeun, margi ieu
mah Kudjang Pusaka tikaruhun abdi" tembal Masitoh
geuning ker. "Turunan ti mana kitu njai teh?"

Masitoh, "Upami di pertj nten mah abdi teh Turunan ti Ka
ahadja nulung ~~padjaan~~ Padjadjaran" tembal Masitoh sabalakana.
aja dina bahaja Ngadenge kitu teh Barasantja jakin pisan jen
ngarereten Kudjang nu keur di tjekel ku Masitoh teh Kudjang
i. Pusaka Padjadjaran uu keur di teanganana, atuh
ika, kedah ku?" "Tjik njai nempo?"

Mangga" tjeuk Masitoh bari mikeun eta Kudjang.
ia mah da gei kop ku Barasantja di tampanan kerewek djung ma
iu butuh nata nehna nangtung bari ngabarakatak seuri.
ba gerak sabi gerak bisa ni."Hahaha . . . ieu Pusaka ku kula di penta ti ba
Barasantja be kula, ku kula teh di teangan, sjukur ajeuna ku an
p randjug, pad dika di pasrahkeun ka kula hahahaha!"
tatu Masitoh ti Gebeg Masiteh ngagebeg nempo sikap Barasantja
ge rek maksituh kitu teh, hate djadji tjuriga, ret neuteup bari se
mu nu ngageremet nahana ka ambek.

Masitoh ngu "Kadieukeun, andika teu hak menta barang nu ku
ias semu hedii, bener andika geus nujungan oge, tapi andika ulah
o kana sareat menta barang Pusaka kula!" tjeuk Masitoh mani
pandjang umu ngadegdeg ambek.

„Hej Masitoh dengekeun! sabenerna kula teh ti
baheula neangan ieu Pusaka teh, kula nulungan an
dika lain nulungan karunja. ngan ambeh kula gam
pang ngarebut ieu pusaka! da ari kudu gelut heu
la djeung si Djarot mah, kulateh embung, lain teu
wani. ngan embung ngaluarkkeun taraga.

Ajeuna ieu Pusaka geus di tjekel ku kula, sana
djan andika miksa menta, moal rek dibikeun deui,
nja ari bisa mah, ngalawan kula sok wae, hahaha
andika teh bodo, beunang katipu, ajeuna mah moal
bisa nanaon, ulah boro bisa gelut, usik oge andika
teh geus hese! sabab eta tatu katjida bahajana! hah
ha, matak ku kula teu di ubiran oge, njaeta ambeh
gampang ngarebutna hahaha!” tjeuk Barasantja bunga
heun pisan.

Masitoh kakara sadar, jen djelema nu nulungan¹
na teh musuhna keneh, nu mikahajang kana Pusaka
Kudjang? ajeuna manehna geus teu bisa kumaha,
puguh ari kaambek mah nga-lentab², ngan da lah
di kumahakeun tanaga geus beak, kaajaan awak
na oge geus sakitu ripuhna, ulah boro bisa ngalawan
rek tjengkat hudang oge teu bisa, ngan huntu
wae kekerot, panon buringas beureum pertanda nap
su ka pegung.

„Setan!, teu sangka andika teh meong nu buluna
domba kurangadjar! litjik andika ngarebut barang
batur, diwaktu djelema keur aja dina sakarat!“

Andika leuwih djahat ti batan si Djarot, andika tjurang! mun bener andika satria andika kudu terang³ an menta ka kula, ulah ngarebut tina leungeun ku la dina kaajaan nu sarupa kieu dasar iblis!" tjeuk Masitoh ambekna ngalentab ngan teu bisa di kedalkeun teu bisa di buktikeun.

Masitoh ngobihkeun leungeuna, ngegaro kana le bah tjangkeng, kusiwel ngaluarkeun sendjata rahasi ah, kalawan tanaga nu di paksakeun, hiuk sta sendjata teh di baledogkeun ka Barasantja ngan saki lat Barasantja luntjat njingkahaa, atuh biuk tjeuk sendjata Masitoh nantjeb kana tangkal kai.

„Hahaha . . sakitu geus ripuh teh masih keneh galak ? awas andika ulah di sangka si Barasantja moal luaseun ngabinasa djelema nu teu walakaja ulab sambat andika!" tjeuk Barasantja ngantjam.

Sjetan! binatang! pek kula paehan! tapi awas Pangeran bakal males kana kialakuan andika " tjeuk Masitoh tetep ngagoler, da angot beuki riupuh wae kaajaanana teh, golokgok deui golokgok deui ngutahkeun getih, di djero beuteung beuki karasa ting seredet, pertanda ratjun mimiti sumarambah ngaruk sak sadjeroeun beuteung Masitoh.

Barasantja terus njelapkeun Kudjang kana tjangkengna, ret ka Masitoh niatna geus buleud rek ngabinasa Masitoh, da tjeuk pikirna lamun teu di paehan mah engkena bakal ngabahajakeun.

„Kumaha bah hasil?” tjeuk hidji sora, nu taja li
an ti sora Hasan, nu harita geus datang ka dinja,
bari hah heh hoh semu nu tjapeeun pisan.

„Hasil San” tjeuk Barasantja.

Barang Masitoh ngareret ka Hasan, gebeg manehna
ngagebeg, sabab mamang apaleun keneh, jen Hasan
teh musuhna nu basa kamari tea.

„Pantes ari batur andika mah sarua djahatna sa
rua, gorengna” tjeuk Masitoh.

„Masitoh ieu teh guru kula bisiteu njaho mah,
hahaha bagdja temenan bah . . .” tjeuk Hasan!

„Njaeta San, kula teh rek sakalian ngabaresan
njawana, sabab lamun di antep mah bisa ngabahaja
keun engkena” tjeuk Barasantja.

„Leres bah, podaran we bah tuman lah!” tjeuk Ha
san angot njatudjuan.

Barasantja madju ngadeukeutan Masitoh, siet be
dogna di lugas terus di puter² di pake njingsienan
Masitoh, gebeg Masitoh ngagebeg, ret ka kentjaret
ka katuhu tetela aja di tengah leuweung, saha nu
rek nulungan manehna, di tempat nu sarupa kitu?

Euweuh deui nu djadi pikiranana iwal ti diri anak
na Santana, manehna katjida pisan nu beuratna, ma
lum ka anak nung in hidji³na, komo ieu Santana bo
lon keneh, tjan loba pangalaman kudu hirup nang
gung kasangsaraan, budak keneh, hirup nunggelis
di tinggalkeun ku indung bapa.

„Masitoh, geura sambat wae indung bapa, geura papatkeun djampe paeh, sabab ajeuna pisan njawa andika bakal ngatajeng ka Naraka !” tjeuk Barasan tja bari siet ngaheumbatkeun bedogna.

Tapi samemeh Barasantja ngalaksanakeun mak sudna, teu kanjahoan timana datangna, kolebat aja tjahaja nu ngoletat, ka lebah Masitoh, ngan sakijat eta tjahaja teh ngoletat kabur deui bari mawa Masitoh, les leungit teu puguh ngilesna.

Atuh Barasantja djeung Hasan ting polohok be ngong, heran tjampur ambek nempo kadjadian anu sarupa kitu teh, Masitoh nu rek di binasa teh ngiles di sabet ku eta tjahaja, tur terus ngaleungit bari teu puguh kamana lumpatna.

„Kurang adjar! hej saha nu geus kumawani ka si Barasantja, sok kaluar tempongkeun rupa andika ? haju urang ngadu elmu djeung kula !” tjeuk Barasantja nangtang gogorowokan, tapi teteo euweuh sora djawaban, gero deui gero deui, kalah tjape songan, atuh Barasantja ngageremet amarahna nga lentab.

„Tetela San, nu nulungan si Masitoh teh lain djelema, tapi djin sjetau maraknjangan, mustahil aja djelema nu boga katjepetan rupa kitu, kula oge sa kieu pang saktina teu bisa kitu !”,

„Bisa djadi iblis nu bieu mah bah ” tjeuk Hasan mani ngadegdeg, beungeut sepa pias semu nu taja getihan nakeran.

„Hej djin setan marakajangan, lamun benar
andika wani, sok geura tempongkeun rupa andika,
jeuh si Barasantja geura lajanan !” tjeuk Barasan
tja panasaran, sakali deui ngagorowok.

„Keun we bah antep, djin ieuh, da moal wanieu
atuh ngalawan manusia mah, tos we bah da tos ha
sil ieuh” tjeuk Hasan siga nu sieuneun.

„Heran kula mah naha nu nulungan Masitoh
teh, teu wanieu adu hareupan djeung kula ? mun
bener manehna sakti, piraku teu ngalawan, naha ma
nusa atawa naon atuh nu nulungan si masitoh teh?
moal kitu eta tjahaja teh tjahaja hantu mah ? emhi
tjing Hasan teangan sakurilingeun ieu patempatan,
mun aja nu njurigakeun mah tewak we tong asa—
asa” tjeuk Barasantja.

Nu di titah rada bese inditna teh, sabab ti ba—
rang nempo Masitoh di sabet ku tjahaja oge, Hasan
mah geus mojongkod soek.

„Kunaon andika teh ?, di titah ku guru kuat
ngabandul !?” tjeuk Barasantja njentak.

„Mang . . . mangga bah” tembala Hsan, sieun—
sieun oge manehna maksakeun indit, salingker ka
belah katuhu, tapi henteu terus nguriling, kalah
ngadjanteng wae, da puguh sieun tea.

Ari Barasantja, angot baniki panasaran, manehna
neangan ka beulah kentja, sanadjan di kotektak
oge Mas itoh tetep teu panggih.

„Hasan !” tjeuk Barasantja gegeoran.

„Ieu bah di dieu ” tembal Hasan .

„Didieu keneh wae andika teh ? tjeuk Barasantja njenger ka muridna.

„Tas nguriling bah, itu kab eulah ditu” tembal Hasan ngeleper geumpeur.

„Kumaha aja eweh ?”.

„Teu aja bah teu aja nanaon !”.

„Aneh, kamana djigna atuh nja, emh kurang adjar pisan mun panggih ajeuna ku kula di podaran enja!” tjeuk Barasantja.

„Parantos we bah, da tos hasil pan Kudjang Pusaka tos katjepeng ku abah”

„Heueuh nja keun nu engke mah kurnaha behna wae, haju San ajeuna mah urang balik!” tjeuk Barasantja, bari kinjid leumpang ka lebak di tuturkeun ku Hasan, maksud rek balik ka lembur na....

—★—

Malikan deui dongeng Djarot djeung Perbawa, anak djeung bapa teh geus niat rek indit ka Djampang Kidul neangan Barasantja, duanana geus nekad rek ngadgorag ka Djampang kidul sanadjan njaho daerah ahli teluh, tapi Djarot teu ngagedekeun ka sieun, hatena tetep rek ngarebut Pusaka Kudjang bogana Masitoh.

Boh Djarot boh Perbawa teu boga tjuriga, mun Barasan tjageus bisa ngarebut eta Pusaka tehi, njang kana mah tetep we Barasantja teh baladna Masitoh, da tadi kanjahoan pisan ku manehna, Barasantja teh nuungan diri Masitoh.

„Kumaha ieu teh pa, naha terus wae ka Djampang kidul ?“ tjeuk Perbawa.

„Terus we, da geus kagok asong, kagok mitjeun tanaga, piraku urang kudu balik bari nihil, teu ma wa hasil mah“ tjeuk Djarot.

„Tapi ! . . . naha sanggup, naha baris pihasileun mun urang ngadgorag ka Djampang Kidul ? apan djelema² di Djampang Kidul mah sakitu sohorna, tukang bobok tukang tarok, tur laluhur elmuna pa ?“ tjeuk Perbawa nembongkeun kasieun djeung ka hariwangna.

„Kadjeun teuing kasohor tukang ganggaong, bapa teu sieuneun, bapa moal pondok pangharepan, maneh ulah hariwang teuing, kunaon atuh maneh teh bet kawas budak ololého pisan ?“

„Hariwang we pa, eta tadi oge nempo gerak si Barasantja teh mani sakitu kesitna, tangtu gerak kitu mah luhur elmu na.

„Ngadjedog we mun maneh sieun mah keur na on dewek di sebut djago Sunda Kalapa, sri kudu kumeok saniemeh di patjok mah, paduli si Barasantja luhur elmu, loba pangabisana, ku si Djarot moal rek di ambeuan!“ tjeuk Djarot njengor, atuh Perbawa teu ngomong deui, kintjid wae arindit rek muru ka Djampang Kidul,

Kakara oge turun ti gunung Wajang, duanana nga gebeg reuwas, sabab ti lebak aja nu leumpang hi dji lalaki pendek dedepe, dina tjangkengna njelap bedog djeung keris, mun di tilik tina gerak leum Pangna, tetela manehna teh hidji djawar, haorenge enja wae eta teh Djawara ti Djawa Timur, ngarana katedah Karto Widjojo ! manehna sohor djago nu tjan pernah wirang di pakalangan mah.

Maksud Karto Widjojo taja lian iwal ti rek neangan Pusaka Kudjang Padjadjaran, djauh² ngahadja datang ka tanah Pasundan, dumeh wae ngadenge bedja, jen Pusaka Kudjang Padjadjaran teh aja di daerah gunung Wajang, matak manehna gantjang datang kadinja.

Ku Djarot djeung ku Perbawa terus di talinga keun, biri di tutur² ti kaanggangan.

„Nempo ppakeenanana mah moal salah djang, ieu djelemé teh ti daerah Djawi; djeung pisti miksud na teh rek neangan Pusaka Kudjang Padjadjaran!” tjeuk Djarot djol teg wae tjuriga.

„Urang djeun batur we pa, ambeh urang bisa ku at ngalawanana si Barasantja” tjeuk Perbawa, ku Djarot oge di satudjuan, memang manehna mah bu tuheun pisin keur pibatureun teh, atuh gantjang Djarot ngageroan ka Kartowidjojo.

„Hej andika saha ? timana rek kamana ?”

Gebeg Kartowidjojo ngagabeg ret malik srog wae pişang kuda² dumeh tjuriga kanu nanjana.

„Kula Kartowidjojo asal ti dierah Surobojo sa balikna sampean saha ?” tembal Kartowidjojo.

„Lamun di pertaja kula teh Djarot ti daerah Sunda Kalapa, ari kitu andika teh rek naon djauh² datang kadieu ?” tjeuk Djaret nanja deui.

Derekdek ku Kartowidjojo di dongengkeun, jen maksudna teh rek neangan Pusaka Kudjang Padjadjaran, aja kitu deui Djarot oge terus ngadongeng keun pengalamanana ti mimili tarung djeung Masi toh, nepi ka Masitoh di bawa kabur ku Barasantja, teu poho di tjaritakeun, jen Kudjang Pusaka teh masih keneh aja dina leungeun Masitoh nu di bawa ka Djampang Kidul ku Barasantja.

„Ngadèngé dongeng Djarot kitu teh Karto wiðjojo ngahuleng, manehna teu gantjang pertjaja, ret neu teup ka Djarot, ret ka Perbawa manehna, panasaran hajang ngabuktikeyun heula enja hanteu na.

„Sampean ulah njoba² ngabobodo ka kula, djauh³ kula datang kadieu kalawan maksud tudjuan, rek neenga Pusaka Kudjang Padjadjaran, ajeuna ku sam pean di sebutkeun euweuh, tjoba naon buktina?” tjeuk Kartow djojo tandes nekeran.

„Memang kiula teu boga bukti tapi, kula ujarita sabenerna, sanadjas andika ka tonggoh oge, moal rek manggih ninaon, ku'a ngabedjaan dumeh karu njé ki andika keur njo katjape tjape indit ka tong goh, dia Pusaka mah geus di bawa ka Djampang Ki dul, tjeuk Djarot hajang diandel.

„Ajeuna mah kieu kumaha lamun andika ngaga bung djeung kula, urang babarengan ngarebut eta Pusaka tina leungeun Masitoh dieung Barasantja! sa tudju atawa henteu?” tjeuk Perbawa.

Karto Widjojo teu ngadjawab, manehna sadar jen Djarot djeung Perbawa teh ret nipi dirina, leng ngahuleng pikirna muter mani uleng.

„Euweuh deui djalan, memang kula kudu api² ngagabung ka maranehna mun Kudjang Pusaka geus karebut, kakara kula ngajakeun tindakan, da indit sorangan mah kula tjin puguh bisa manggihan tempatna si Barasantja, ongkoh daerah Djampang oge tjan njaho² atjan.

„Keun wae kula rek ngagabung, supaja gampang keur diri kula, hahahahaha ...” kitu tjeuk gerentes hate Kartowidjojo, ari Djarot geus teu sbar, atuh pok deui pok deui manehna nanja.

„Kumaha satudju atawa henteu ?”

„Satudju, tapi kumaha lamun geus hasil ? bage-an saha kira² na eta Pusakana teh ?” tembal Kartowidjojo bari neuteup ka Djarot.

„Perkar Pusaka di bagi rata di gunakeunana ku du ku urang babarengan, sawaktu—waktu bisa oge urang ngindjeum, tapi dina waktu nu di tangtukeun ku urang misalna saminggu sewang, atawa sa bulan sewang ” tjeuk Djarot ngatur siasat.

„Djadi kula satudju, tapi awas sampean ulah rek njieun tjurang !” tjeuk Kartowidjojo.

„Moal sobat, sing pertjaja wae ka Kula haju ajeun mah urang indit ka Djampang Kidul”

„Sok tiheula, da kula mah djalanna oge tjan apal, naha djauh ti dieu teh ?”

„Puguh wae djauh mah ...” tjeuk Perbawa manahna leumpangna tiheula di tuturkeun ku bapana sedeng Kartowidjojo leumpang pangtukangna.

Kartowidjojo teu weleh njerengeh; hatena bungah katjida dumeh jakin bakal bisa ngarebut Pusaka Kudjang manehna pertjaja kana elmuna sorangan nu ka telah elmu Watu Geni, njaeta elmu teunggeulan nu taja bandinganana mun tjeuk dina Wajang mah modal beda ti Bradjamusti.

Ku sakali neungeul manehna bisa ngantjur keun sirah lawan, dala batu gedhe oge ku manehna bisa di teunggeul sakali remuk! nji ku eta pisan mitak Kartowidjojo sohor djago nu tjan pernah wi rang di pakalangan satiap² nu djadi lawanna kudu wae binasi bari antjur sirahna.

Teu katjaturkeun didjalan na nu tiluan teh geus nepi kanu di tudju, geus datang ki Djampung Kidul. Demi harita Barasantja keur tapikur, tapi di djero guha nu teu djauh ti imahna, miksuna taja taja jian ti rek njampurnakeun elmuna, dumeh wae geus ngabogaan Pusaka Kudjang Padjadjaran.

„Tjeuk ramalan minehna. Sing saha nu njekel Pusaka Kudjang kudu simpurna heula elmuna, sabab lamun atjen sampurna, eta Pusaka mola daekeun tji tjing lila², moal daekeun di tjekel ku djelema nu teu luhur elmuna, kusabab eta Barasantja kasieunan, manehna terus taja di djero guha. ambah Pusaka Ku djang terus djadi milikna henteu ngedjat pindah ka batur.

„Di imah di tungguan ku murid³ na, harita oge anu keur tunggu teh aja opatan, minangka gegelegung na teh Hasan, geus sapoe sapeuting Hasan djeung batur² na nungguan imah Barasantja, bari teu weleh waspada, dumeh wae geus tjuriga jen bakal aja nu njasul neangan guruha.

„Tjik kulub sampeu teh aja keneh?” tjeuk Rustam bari ngerelek heuaj.

„Kana dahareun wae atuh maneh mah.

..L par kuli mih Sia, ti isuk tjin dahar sangu" tjeuk Rustam deui.

..Mun kedjo mah geus tilu piring nja, kaget euj dewek mah, ari beuteung maneh beuteung naon Tam ? djeung mani euweuh ka tjipe kuda njapek we sigana teh!" tjeuk Hasan njerenzeh seuri.

..Biasana ari si pelat hedjo mah . . . " tjeuk Sar kawi mairan omongan baturna.

..Urang kalaluar ju, rada birareda rarasaan jeuh ajeuna mah ?" tjeuk Hasan.

..Heueuh San siga² rek aja semah nu teu di en dang, haju urang djaga di luar" tjeuk Rustam, atuh koredjat opatanana tjengkat, terus turun ka luar.

Demi harita Karto Widjojo, Perbawa djeung Djirrot geus datang kalebah dinja, birang gok pang gih djeung Hasan, reg ngarandeg, srog Perbawa madju kaharareup, lantaran geus wawuh tur teu bo ga tjuriga, pok wae Perbawa nanja semu nu bungah.

..Hej geuning andika ?" keur naon andika teh bet aja didieu " tjeuk Perbawa.

..Da lembur kula mah didieu, kumaha andika hasil ?" tembal Hasan biri ngitjeupin mere isjarah ka baturna sangkan siap³ pikeu⁴ njerang lawan.

..Njaeta kula teh terus balik, da panon kula ruk sak ku tjhaja Pusaka Kudjang tea, datang deui mangkukna djeung bapa kula, tah ieu bapa kula teh, tapi tetep teu hasil, sabab Masitoh djeung Pusaka Kudjang teh di bawa kabur ka dieu.

Ku hidji djelema nu ngaku² ngaran Barasantja, ku sabab eta ajeuna kula datang kadieu kabeneran di djalan pinggih djeung ieu sobat, Karto Widjojo, naha andika kenal ka ngaran Barasantja ?" tjeuk Perbawa ngadje¹ skeun kalawan teu bog¹ tjuriga.

„Hahahaha — djadi andika teh rek neangan Barasantja ?" tjeuk Hasan.

„Naha andika seuri?" tjeuk perbawa heraneun-

„Bisi teu njaho Barasantja teh guru kula, memang Kudjang Pusaka teh geus beunang ku guru kula, ajeuna keur di sampurnakeun di pangtapaan, wajahna andika ulah neruskeun pamaksudan, ajeuna m³h geura balik deui ! sabab lamun andika m³ sa, tangtu kula djeung sabitur batur bakal ngaja keun tindakan!" tjeuk Hasan ngantjam,

„Eit nu bener andika nj riti teh !?" tjeuk Perbawa maningarandjung, ng denge kitu teh ajeuna ma netna sadar, jen keur adu hareupan djeung musuh, atuh terus undur neangan awahan, nja kitu deui Karto Widjojo djeung Djarot siap² ngadjaga sagala kadjadian nu bakal tumiba, Hasan djeung batur²na oge srug srog pasang kudi², kaajian djiidi tegang, kudu pihakanana serua pada-pada wani.

„Eit sampean ulah ngahalangan, tuduhkeuntima na ajana guru sampean, dimna di teundeunna Pusaka kudjang Padjadjaran ? djawab nu bener" tjeuk Karto Widjojo, bari siet ngaluarkeun keris na.

„Montong pipilueun andika mah, hilik rek naon djauh? ti Ijawa kadieu, rek sosoroh njawa andika teh ??" tjeuk Rusta mnjentak.

„Kurang adja ! andika mundur, sabab kula teu butuh ku andika, butuh sotek ku guru andika, djeung ku Pusaka Kudjang nu di rebutti Masitoh? djeung kamana ari Masitoh !?" tjeuk Djarot.

„Hahahahaha si Masitoh mah ge is modar di tengah leuweung, hahahaha memang andika nu bodo andika nu tjape, tapi Pus ka Kudjang beunang ku guru kula!" tjeuk Hasan mapinas ka Djarot.

„Sjetan djadi guru andika teh tuking litjik, tukang tjurang, apis nulungan Masitoh padahal leuwih dja hat batan kula, kurang adjer wi djib andika oge na rima pangwarah ti awak kula " tjeuk Perbawa, mani ngadegdeg tina ku teu tahan ku amarah.

„Teu perlu loba dongeng, Perbawa mun bener andika panasaran, hi ju urang ngadu djadjaten, same-meh andika ng liwanan guru kuli, lawan heula jehu muridna!" tjeuk Hasan bari siet mesat Kudjang siet-siet di maenkeun.

„Kudjang kitu patut di pake tanggelan, hahahaha pikir heula ku andika naha teu lebar ku njawa andika teh ??" tjeuk Karto Widjojo.

„Gandeng djawa !" tjeuk Rustam bari madju kaha reup ngadeukeutan Karto Widjojo, ari Perbawa njinghareupan Sarkawi sedeng Djarot madju ngahadang Hasan.

„Hahahaha . . awas Hasan, andika kudu adjal poe ajeun!“ tjeuk Djarot bari djleng luntjat nara djang, bedogna ngalajang ngarah kana beuheung Hasan, kitu dsui Karto Widjojo njerang bari ngaguna keun elmu Watu Geni.

Djebrod, tjreb, aduhhh, tilu lawan tilu. sarua ke sit sarua pelitna, ngan pihak Hasan terus kadesek, da puguh Karto Widjojo djeung Djarot mah lain tandingan maranehna, kumaha lamun di lawan ku Barasantja?, kumaha arinasib Masitoh?, di tulungan ku saha Masitoh teh?, kumaha ari Santana ?, kuma ha mun djelema durdjana njahoeun ieu Kudjang nu Masitoh teh lan Kudjang asli ?.

Antos wae medalna djilid anu ka opat, langkung rame langkung hebat. pogot di aosna,!

H A N T J A